

Mwirinde Forode n'Abanyoni

Inyuma y'ikiza, abanyoni, abasuma b'ivyangombwa n'izindi nkozi n'ikibi kenshi bahita bikika mukiza ngo bibiremwo abarokotse ikiza. Abakozi b'ibiro vya Leta vyitaho ivyago vya bukwi na bukwi basaba abanyagihugu kuba maso no gutanga raporo n'igikorwa cose giteye amakenga.

Abantu batamenyenkana bashobora kugerageza kikika mukiza ngo bibe abarokotse ikiza mu kwigira abakozi bajejwe gufasha abahuye n'ikiza canke bakigira abaryango mugufasha abo barokotse kwuzuzwa impapuro zo gusaba imfashanyo.

Inzira za forode zikunze gukoreshwa inyuma y'ikiza ni nka:

Imfashanyo zitarizo za Leta: Abakozi ba Leta ntibasaba canke ngo bakire amahera. FEMA n'abakora mu biro bijejwe ibikorwa bitobito ntibigera basaba kurihwa igihe usavye imfashanyo wagize ikiza, kugendura canke ufashijwe kwuzuzwa amakete yo gusaba imfashanyo.

Abagenduzi b'inzu b'ibinyoma: Iyo ikiza gishitse, abakeneye imfashanyo bashobora kugwa mumporero y'abagenduzi b'inzu b'ibinyoma biyitirira ko baserukira FEMA ngo bagendure ivyononekaye. Saba murabe ibiranga uwo mugenduzi. Abakozi bose ba FEMA n'abakorana nabo bazoba bafise vyangombwa bibaraba vyemewe n'amategeko. Abagenduzi b'amazu bafise inomero z'ibiharuro icenda za buri muntu yasavye imfashanyo. Abagenduzi bakorera ahabaye ikiza bashobora gukoresha uburyo butandukanye bwo guhanahana amakuru mu kuvugisha abasavye imfashanyo. Abagenduzi bashobora guhamagara bakoresheje terefone zatanze na Leta canke terefone ngendanwa zabo, gurtyo abasavye imfashanyo bashobora guhamagarwa kw'iterefone z'uburere butandukanye. Abagenduzi kandi bashobora gukoresha ubutumwa bugufi bwa terefone/ (mesaje) na email bakoresheje amakuru buri muntu aba yaratanze mw'ikete ryiwe yarungitse muri FEMA. Ariko abagenduzi ntibigera basaba amahera ngo buzuze ikete ryo gusaba imfashanyo.

Hashobora kuba ibihe aho uwuserukira FEMA ategerezwa kukuvugisha mu kuraba ko amakuru yawe ariyo. Utegerezwa kumubaza inomero imuranga yo muri FEMA. Iyo utazi neza uwuguterefonye uwariwe, canke ukaba wikeka ko hari umuntu yiyitirira kuba umugenduzi w'inzu atumwe na FEMA, hamagara inomero ya bose ya FEMA kuri **800-621-3362 (711/VRS)**. Imirongo iba yuguruye kuva isaha zibiri zo mugitondo gushika isaha imwe y'ijoro iminsi indwi kundwi, kandi abazikoresha bashobora kukuronkera umuhinga avuga ururimi



FEMA

rwawe. Mugihe woba ukoresha nomero ubonekako nk'izo kuvugana n'umuntu mubonana n'ibindi, tanga izo nomero yawe muri FEMA.

Abakozi ba Leta b'ibinyoma: Ushobora guhamagarwa n'abanyoni biyitirira ko bakora mu bijanye n'ikiza bari gusaba amahera y'akazi. Abakozi ba Leta n'abandi bakora mu bijanye n'ikiza ntibasaba canke ngo bakire amahera. Vyongeye abakozi ba Leta bakora mu bijanye n'ikiza ntibemerera umuntu ingabire ijanye n'ikiza.

Ababeshi basaba intererano: Urutonde rw'amashirahamwe yemewe n'Urunani rwitwa Better Business Bureau's Wise Giving Alliance ruboneka kuri [Give.org](https://www.give.org). Abagizi ba nabi barakoresha nabi abarokotse ikiza mukubatumira ubutumwa bw'ibinyoma kuri email canke iyindi mitandawo ikoreshwa no mu gutegura imirongo ya site webe iteguriwe gusabisha intererano.

Urunani ruhanura: "Ntiwishure ama email y'abantu utasavye ko bakwandikira. Wiyubare abantu basabiriza bakoresheje ubuhinga bwa none n'abo babesha ko ari amashirahamwe yo gufasha bakumvikana umenga bavuga ukuri kubera bakoresha amazina asa n'abasanze bariho." Ushaka amakuru yisanzuye ku bijanye n'uburyo wokwirinda abo babeshi basaba intererano, temberera Komisiyo ya Leta y'Urucuruza kuri [Scam Alerts](https://www.fema.gov/scam-alerts).

Abanyoni bakoresha urutonde rwo gupangisha inzu: Komisiyo ya Leta y'Urucuruza ifise amakuru y'ingene abasuma bakoresha urutonde rwo gupangisha inzu bakora. Akarorero, abanyoni barazi ko bigoye kuronka inzu zibereye gupanga canke gufatiramwo akaruhuko, kandi akazi nk'ako karagoye gushitsa. Menya vyinshi kuri [Rental Listing Scams](https://www.fema.gov/rental-listing-scams).

Mwirinde abakoresha amacontra batabifitiye uruhusha: Kenshi inyuma y'ikiza, abantu bariserukira bonyene. Saba mubone ababafasha, mwirinde kuriha amahera imbere, kandi muhinyuze ko babirekuriwe n'uruhusha. Imbere yo guha akazi umukozi wo kuraba ingene inzu yawe yokorwa neza, banza urabe ko abifitiye uburenganzira canke ko yanditswe muri ako karere.

- **Igisagara ca New York:** <https://www1.nyc.gov/site/dca/consumers/check-license.page>
- **Akarere ka Nassau:** [Licensing / Registrations | Nassau County, NY - Official Website \(nassaucountyny.gov\)](https://www.nassaucountyny.gov/licenses-registrations)
- **Akarere ka Suffolk:** <https://www.suffolkcountyny.gov/Departments/Consumer-Affairs>
- **Akarere ka Rockland:** <http://rocklandgov.com/departments/consumer-protection-weights-and-measures/licensed-businesses>
- **Akarere ka Westchester:** <https://consumer.westchestergov.com/trades/find-a-licensed-contractor>

*Amakuru ya FEMA: Mwirinde Forode n'Abanyoni
Gitugutu 4, 2021 DR-4615-NY FS 003*

Hamwe woba uzi aho bakorera forode canke bagakoresha nabi, ushobora gutanga raporo yavyo -- amasaha 24, iminsi indwi, ku numero ya terefone ya FEMA y'ikiza kuri **866-720-5721** canke kuri email Disaster@leo.gov.

Niwaba wizera ko wewe canke uwo ukunda yoba yarabaye inzirakarengane k'abanyoni, ubusuma bufatiye kuri vyangombwa vyawe, tanga raporo udatevye kuri polisi ikwegereye canke ku mukuru ajejwe umutekano w'akarere urimwo, canke uvugane n'ibiro vy'Umushikirizamanza Mukuru wa New York:

- Inomero ya Consumer Protection, **800-697-1220**
- <https://www.ny.gov/agencies/division-consumer-protection>
- <https://dos.ny.gov/file-consumer-complaint>

Iyo utumwe ku mashirahamwe afasha mu bikenerwa kanaka mu karere, terefona 211 canke utemberere <https://www.211nys.org/contact-us>. Ababa mu gisagara ca New York, terefona 311.

Ushaka amakuru agezweho yo kugarukira kubarakotseku gihuhusi Ida muri New York, temberera fema.gov/disaster/4615. Dukurikire kuri Twitter ku twitter.com/femaregion2 na facebook.com/fema.

###



FEMA